

KONSÈVE AVI SA EPI POTE AL AVÈ W NAN ODISION W LAN

ETA NEW YORK

KOPI VOYE BAY:

XXXXX XXXXXXXX  
 XXXXXXXXXXXXXXXXXXXX  
 XXXXXX XX XXXXXX

Dapre Seksyon 22 Lwa sou Sèvis Sosyal yo epi pou reponn demann ou a pou yon odision san patipri, odision an pral fèt nan lè ak kote annapre yo:

A NIMEWO ODISION SAN PATIPRI XXXXXXXX	F KOTE ODISION AN AP FÈT ID ODISION SAN PATIPRI NY OTDA OBLIGATWA  KONTWÒL SEKIRITE LÈ W AP RANTRE
B SITIYASYON ÈD LA YO MANDE/YO PA MANDE BIWO LOKAL LA KONTINYE BAY ASISTANS LAN MENM JAN JISKASKE DESIZYON ODISION SAN PATIPRI A SOTI, GADE PARAGRAF 8 NAN DO A	G AJANS XXX/XXX/XXX
C REPREZANTAN	H LÈ XX:XX AM/PM
D PWOBLEM XXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXXX	I KATEGORI AK NO. DOSYE XX/XXXXXXXXXXXXXXXXXX
E DAT XX/XX/XX	J DAT ODYANS SAN PATIPRI A XX/XX/XX NOUVO

ENSTRIKSYON POU PATI YO

- Si w te mande yon odision paske ajans lan te chanje asistans, avantaj oswa sèvis ou yo, ou ka kalifye pou resevwa asistans, avantaj oswa sèvis ou yo menm jan jiskaske desizyon an soti. Nan ka sa, KOMISYONÈ ETA A MANDE/PA MANDE ajans lan pou l kontinye ak asistans, avantaj oswa sèvis ou yo menm jan jiskaske odision san patipri a soti.
- Si w pa kapab parèt nan lè ki pwograme a ou ka vini nan nou yo ki nan 14 Boerum Place, Brooklyn, NY pou mande yo ranwaye odyans yon lòt dat oswa ou ka fè sa nan telefòn nan 877-209-1134 oswa sou entènèt nan <http://otda.ny.gov/oah>, kote ou ka ranpli yon fòm demann sou entènèt oswa enprime yon fòm w ap voye pa lapòs oubyen fakse bannou. Demann ranvwa nou resevwa mwens pase dis jou anvan dat odision an ka pa sifi pou nou trete demann nan. Si w pa resevwa repons nou sa pa vle di nou aksepte demann nan. Nou aksepte fè ranvwa sèlman si w gen yon rezon valab pou pa parèt. Si w ap kontinye resevwa asistans, avantaj oswa sèvis ki pa chanje pandan pwosesis odision an epi ou mande yon ranvwa, asistans, avantaj oswa sèvis ou yo pral kontinye jiskaske desizyon odision an SÈLMAN si yo asepte ranwaye pou yon lòt dat. Si w pa parèt oswa kontakte nou ak yon rezon valab ki fè ou pa ka vini pral lakòz asistans, avantaj oswa sèvis ou yo pa rete menm jan.
- Si w anreta, odision w lan ka ranwaye pou yon lòt dat. Si oumenm oswa reprezantan w lan pa parèt nan yon odision pwograme, demann odision w lan pral konsidere kòm abandone sòf si sou yon lane apre dat ki te pwograme pou odision an oumenm oswa reprezantan w mande pou yo ba w yon lòt dat epi ou bay yon bon rezon ki fè ou pa ka vini.
- Si w pa vle yon odision san patipri ankò, tanpri siyen deklarasyon annapre a epi voye avi a nan OTDA, Administrative Hearings, P.O. Box 1930, Albany, NY 12201.

Mwen ta renmen retire demann mwen an pou yon odision san patipri.

\_\_\_\_\_  
 Siyati                      Dat

VIRE PAJ LA POU JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU SA POU FÈ

## ENSTRIKSYON POU PATI YO

- 1) Men ak kisa pou vini nan odisyon an: avi sa; temwen, si w genyen; prèv sou papye, tankou avi ajans lokal, ki gen pou wè ak demann ou a; liv, dosye ak lòt prèv ekri.
- 2) Ou gen dwa pou w gen yon avoka oswa yon lòt moun reprezante w, pou prezante prèv, pou vini ak temwen ak pou egzamine temwen ak prèv ki kont ou. Nan pi fò ka, reprezantan w la (ki pa yon avoka) dwe genyen yon otorizasyon ekri pou l reprezante w.
- 3) Ou gen dwa pou w gen yon entèprèt lang oswa siy gratis nan odisyon an. Pou jwenn yon entèprèt voye yon lèt nan adrès NYS OTDA ki nan paj devan avi a oswa rele (800) 342-3334 (Pwoblèm pou pale ak tande: rele NY Relay Services nan 711 epi mande operatè a pou rele nou (877) 502-6155.)
- 4) Ajans lokal la dwe bay transpò pou oumenm, reprezantan w ak temwen ou yo ak tou sèvis gadri timoun ak lòt depans ki gen pou wè ak prezans ou nan odisyon an, si gen nesosite. Tanpri pare w pou prezante verifikasyon depans sa yo tankou verifikasyon medikal sou enkapasite w pou vwayaje nan transpò piblik pou ale nan ajans lokal la.
- 5) Si w vle egzamine dosye w la, kontakte ajans lokal ou a pou konnen kisa pou fè. Se vre ou kapab egzamine dosye w nan yon odisyon san patipri, men si w kwè enfòmasyon ki nan dosye w lan ka ede w nan odisyon an, nou rekòmande w egzamine l w anvan dat odisyon an. Odisyon pa pral ranvwaye pou ka egzamine dosye w la sòf si ou mande sa. Ou pa gen pou mande yon odisyon san patipri pou egzamine dosye w. Si yo pa kite w egzamine oswa wè dosye w, ou dwe avèti Jij Lwa sou Administrasyon an.
- 6) Ou gen dwa, si w mande, pou resevwa kopi dokiman ajans lokal la pral prezante nan odisyon an ansanm ak kopi lòt dokiman ou bezwen pou odisyon w lan gratis. Nou pa pral voye dokiman yo bawou sòf si ou fè yon demann spesifik pou yo. Si ajans lokal la pa bawou kopi sa yo ou dwe avèti Jij sou Lwa Administrasyon an.
- 7) Pou w mande dokiman sa yo oswa jwenn kijan ou ka egzamine dosye w la, rele oswa ekri ajans lokal la kote ou te mande yon odisyon san patipri. Ou dwe tou rele oswa ekri ajans la si w vle plis enfòmasyon sou dosye w la, sou kijan pou jwenn aksè nan dosye w ak/oswa plis kopi nenpòt dokiman.
- 8) Si nou mande ajans lokal la kontinye ak asistans, avantaj oswa sèvis ou yo menm jan jiskaske desizyon odisyon san patipri a soti epi ou pap resevwa avantaj èd la menm jan, tanpri pote avi sa ak ou nan sant lokal (ajans lokal) ou a epi mande pou w pale ak yon travayè sosyal nan FH ak seksyon C a (kliyan andeyò NYC dwe mande pou pale ak travayè sosyal yo).
- 9) Si w gen rezon espesifik pou kwè Jij Lwa sou Administrasyon yo asiyen w lan pa ka tande w san patipri, ou gen dwa mande, nan odisyon an, pou yo asiyen w yon lòt Jij Lwa sou Administrasyon.